

MODÈL FÒM NAN

Egzijans pou konsantman sa a gen de (2) pati.

1. Konsantman pou pataje dosye sou pitit ou a: Distri lekòl ou a oblije jwenn konsantman alekri ou anvan yo pataje enfòmasyon pèsonèl ki ka idantifye pitit ou a (tankou non pitit ou a, adrès li, nimewo sekirite sosyal li, Pwogram Edikasyon Espesyalize li (individualized education program, IEP), ak rezilta evalyasyon li yo) nan dosye akademik pitit ou a. Lè yo mande ou konsantman ou, Distri lekòl la ap (1) idantifye dosye (oswa enfòmasyon) sou pitit ou yo bezwen pataje (pa egzanp, sou sèvis yo ka bay pitit ou a); (2) di ou rezon y ap pataje dosye yo (pa egzanp, pou voye bòdwo pou edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye ak li yo); epi (3) idantifye ajans kote Distri lekòl la ka pataje enfòmasyon yo (pa egzanp, ajans Medicaid la).

Nou swete enfòmasyon sa yo pral ede ou pran yon desizyon enfòme lè w ap decide si Distri lekòl ouwa Konte ou a, lè y ap bay edikasyon espesyal pou lekòl prematènèl, pou itilize avantaj ouwa asirans piblik pa ou ouwa pitit ou a pou peye pou sèvis edikasyon espesyal ouwa sèvis ki asosye ak li yo so IDEA.

Enfòmasyon pou kontakte: Pou jwenn plis enfòmasyon ak gid sou egzijans ski kontwole fason moun itilize avantaj ouwa asirans piblik pou peye sèvis edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye ak li yo, al gade nan <http://www2.ed.gov/policy/speced/reg/idea/part-b/part-b-parental-consent.html>.